

**CONFERENCE
DES EVEQUES CATHOLIQUES
DU BURUNDI
B.P.1390 BUJUMBURA**

**IJAMBO RISHIKIRIWE N'ABEPISKOPI GATOLIKA B'I BURUNDI
RIJANYE N'AMATORA YO.MU 2010**

**NITWITEGURIRE NEZA AMATORA YIMIRIJE KUGIRA
NGO ADUFASHE GUTSIMBATAZA AMAHORO**

Bavukanyi dusangije ukwemera,
Barundi, Barundikazi mwese,

Turabaramukije amahoro y'Imana.

Mu bihe vy'amatora mu Burundi, twaragiye turabashikiriza ijambo riyerekeye. Twarababwiye akamaro kayo, turabashikira no ku bikenewe kugira ngo amatora agende neza.

N'uno munsi dushaka kubashikira ku ntumbero ibereye, iviyumviro twokwisunga, kugira ngo amatora yimirije azobe meza, adufashe gukomeza amahoro n'umutekano, kunagura no guteza imbere ubutunzi bw'igihugu cacu.

1. Akamaro k'amatora

Igihe c'amatora ni igihe co kurimbura n'ugukomeza intwaro rusangi. Ni bande barimbura ? Ni abenegihugu, bo bene ubutegetsi, mu mirwi yabo yose. Ni abatwara mu nzego zose z'igihugu. Ni abashaka gushikira ubutegetsi baciye mu migambwe canke bigenga. Barimbura iki ? Abenegihugu barimbura ingene abo bahaye ubutegetsi babukoresheje mu kurangura imigambi bari bashikirije, mu kwubahiriza agateka ka zina muntu, mu gukomeza umutekano n'amahoro, mu gukoresha neza itunga ry'igihugu ku neza ya bose no mu guteza imbere igihugu.

Abatwara nabo barimbura ingene bashimishiye abenegihugu, ababatoye n'ababatoye, mu kurangura imigambi bari bemereye igihugu n'ibindi vyose bisa bigiteza imbere. Abashaka gushikira ubutegetsi barimbura ico basashije mu gukomeza intwaro rusangi no mu gusasha mu buryo burekuwe n'amategeko, ngo abari ku butegetsi barangure imigambi bari bishinze.

Igihe c'amatora ni igihe kandi c'ugushikiriza ivyipfuzo n'imigambi iyo migwi yose (abenegihugu, abatwara n'abipfuzza gutwara) yoshira imbere mu kiringo cimirije, kugira ngo igihugu kiroranirwe kandi kironke akunguko.

Ukwitorera abatwara ni uburenganzira n'iteka ry'umwenegihugu wese. Nico gituma abenegihugu bokwitaba amatora batagonanwa. Egome, amatora ni ikiringo gihambaye c'intwaro rusangi, mugabo jyo ntwaro ntihagaze ku matora gusa. Intwaro rusangi ishimikiye cane cane ku buryo abenegihugu bakoresha uburenganzira bwabo bwo kugenzura, ata gitsure n'ugukandamizwa, ingene batwarwa. Intwaro rusangi ishimikiye kandi ku buryo abatowe batwara igihugu mu kwubaha n'ukwubahiriza abenegihugu bose, mu gutegeka babanje kwumviriza abenegihugu bose, imigambi myiza yatumye batorwa bakayirangura basatanije n'abo benegihugu nyene. Maze ivyo vyose bakabirangurana umutima ukunda igihugu, ukarondera inea ya bose.

2. Amakenga dufise ubu

Amakenga dufise ubu ni uko abenegihugu bashobora kubura umwidegemvyo mu matora, kubera igitsure n'ibirwanisho bikiri vyinshi mu gihugu. Hari abohava bavyitwaza canke bakabikoresha, yaba imigwi yegamiye imigambwe canke abandi, kugira ngo batere uwoba abenegihugu.

Ayandi makenga dufise ubu ni uko amategeko agenga amatora ataraja mu buryo, kandi turiko turateba.

Hari n'impri ziterwa n'abariko barahiganirwa ubutegetsi zituma batayumvikanako. Bamwe bose bikwegerako ngo baronke itegeko ryobafasha gutsinda amatora.

3. Ivyotuma amatora aba meza

Iea mbere n'ugushinga amategeko atunganya neza amatora.

Turasavye abari mu nzego zishinzwe iryo bangaa ntibitwararike inea y'umugambwe barimwo gusa, ariko bashire imbere ingingo zizotuma amatora aba ku mugaragaro, mu mutekano no mu mahoro, ata n'umwe arenganijwe, kugira ngo igihugu ntigisubire mw'ihumbi.

Ica kabiri ni ihiganwa ryiza ry'imirambwe.

Amatora aba meza iyo imigambwe ihiganwa ishira imbere imigambi myiza n'ondera inenza ya bose, ikabigira yubahana, yirunda gushamirana, gurtyozanya, ikwubahiriza amategeko, igakoresha ubwenge, ubuhinga n'ubutwari.

Abagiye mw'ihiganwa ry'amatora bipfuza gutsinda. Arikò bomenya ko haburana babiri hagatsinda umwe. Aboramuka batsinzwe bokwemera bagashira aho intahe ishize. Uwovuga ngo : "Ntatsinze ibara rizogwa", yoba atarategera intwaro rusangi ico ari co.

Ivyabaye mu matora amwe amwe muri kahise k'igihugu cacu n'ivyo twumva mubihugu bimwe bimwe vya Afrika vyotubera icigwa.

Mu ntwaro rusangi ko haba impari mu bahiganwa ni ibisanzwe. Arikò-ijo bose bashize imbere inenza y'igihugu, bokwemera kwicara hamwe ngo bumvikane. Vyanse bakitura inzego zibishinzwe. Izo nazo zikirinda gukoreshwa n'igitsure canke igiturire.

Turasavye ko ababijejwe boshishikara gukura ibirwanisho mu gihugu, abenegihugu nabo bemere babitange.

Ikindi cotuma amatora agenda neza ni uko ata mwenegihugu n'umwe yohatirwa gutora umugambwe canke umuntu atashimye.

GUSOZERA

Mu gusozera, dusavye abemera Imana bose, cane cane abakristu bo muri Ekleziya Gatolika, basanzwe bari mu nama y'umuryango wa diyosezi yerekeye amahoro avyawe n'ukurekuriranira n'ugusubiza hamwe, ngo bashimike mu gusabira Uburundi, kugira ngo ayo matora twimirije azotubere ikiringo nyaco co gukomeza amahoro.

Mutima Mweranda, We Mushingango abushitse niyame atumurikira, atwereke ukuri n'uburyo bwiza bwo gutunganya igihugu cacu.

Imana nibahezagire.

Bigiriwe i Gitega ku wa 21 Mukakaro 2009.

Ni twebwe Abepiskopi Gatolika b'i Burundi

* Evaristo NGOYAGOYE, Umwepiskopi Mukuru w'i Bujumbura akaba
n'Umukuru w'Inama y'Abepiskopi Gatolika b'i Burundi

* Gerevazi BANSHIMIYUBUSA, Umwepiskopi w'i Ngozi akaba
n'Icegera c'Umukuru w'Inama y'Abepiskopi Gatolika b'i Burundi

* Simoni NTAMWANA, Umwepiskopi Mukuru w'i Gitega

* Yozefu NDUHIRUBUSA, Umwepiskopi w'i Ruyigi

* Yohani NTAGWARARA, Umwepiskopi w'i Bubanza

* Yohakimu NTAHONDEREYE, Umwepiskopi w'i Muvinga

* Venansi BACINONI, Umwepiskopi w'i Bururi

* Bonaventura NAHIMANA, Umwepiskopi w'i Rutana

*Iri jambo rizosomwa mu masengerero yose gatolika kw'igenekerezo rya 2
Myandagaro 2009.*